



AVÈTISMAN POU KONSOMATÈ YO

Kòd Alimantè RI a (216 RICR 1.5.2) mande pou yo **bay yon** avètisman alekri pou konsomatè pou manje sa yo:

- Manje ki soti nan bèt epi yo sèvi kri tankou souchi, kristase, oswa estèk tata
- Manje ki soti nan bèt ki pa kuit ase, tankou anmbègè, estèk ki pa yon moso misk konplè, ak ze menm si se konsomatè a ki mande pou yo pa kuit nèt
- Manje ki gen yon engredyan ki kri oswa ki pa kuit ase ki soti nan bèt, tankou salad seza ki fèt a ze kri.

Avètisman alekri a dwe fè konsomatè a konnen gen gwo risk pou konsomatè ki sitou vilnerab yo, tankou sila yo ki gen sistèm iminitè ki afebli yo, si yo manje manje sa yo ki kri oswa ki pa kuit ase.

Men kèk sijesyon pou avètisman pou konsomatè yo:

🕒 Si se yon sèl kalite pwodui yo sèvi kri oswa ki pa kuit ase tankou anmbègè: ***Nou***

kuit anmbègè yo selon demann kliyan an. Lè ou konsome yon manje ki soti nan bèt ki kri oswa ki pa kuit ase, sa ka ogmante risk pou w pran yon maladi ki soti nan manje. Konsomatè ki sitou ka trape maladi ki soti nan manje yo ta dwe manje vyann bèt ki byen kuit sèlman.

🕒 Si genyen plizyè pla nan meni an ki soti nan bèt yo sèvi kri oswa pa kuit ase oswa si yo gen manje ki soti nan bèt ki kri oswa ki pa kuit ase. Mete yon asterisk (*) bò kote chak pla ki nan meni an epi mete yon avètisman alekri pou konsomatè yo anba meni an konsa:

****Pla sa a kri oswa li pa kuit nèt epi li kapab ogmante risk pou ou genyen pou w trape maladi ki soti nan manje. Konsomatè ki sitou ka trape maladi ki soti nan manje yo ta dwe manje bèt lanmè ak lòt manje ki soti nan bèt ki byen kuit sèlman.***

Gwosè lèt yo nan avètisman pou konsomatè yo ta dwe menm ak rès meni a.

Si etablisman an pa gen yon meni alekri, avètisman pou konsomatè yo ta dwe afiche yon kote konsomatè yo **kapab wè l**.

Bifè kote yo sèvi manje ki soti nan bèt ki kri oswa ki pa kuit ase yo ta dwe bay kliyan yo yon avètisman ki gen ladan yon avètisman alekri pou konsomatè. Si yo pa bay kliyan yo meni alekri nan bifè yo, donk yo dwe afiche yon avètisman alekri pou konsomatè yon kote konsomatè yo kapab wè li nan bifè a.

Remak: Yo pa dwe sèvi anmbègè ki pa kuit ase bay timoun ki gen mwens pase 12 lane

